



Dokiman Rezime Avantaj ak Kouvèti a (Summary of Benefits and Coverage, SBC) ap ede w chwazi yon plan sante. SBC a montre kòman ou menm ak plan an t ap pataje frè sèvis sante ki kouvri yo. NÒT: Y ap bay enfòmasyon konsènan pri plan sa a (ki rele prim) nan yon fason separe. Sa a se sèlman yon rezime. Pou plis enfòmasyon konsènan kouvèti ou an, oswa pou w kapab jwenn yon kopi tèl konplè kouvèti an, vizite www.bluecrossnc.com. Pou definisyon jeneral tèl komen yo, tankou montan otorize, faktirasyon balans, ko-asirans, ko-pèman, dediktib, founisè, oswa lòt tèl ki souliye, konsilte glosè a. Ou kapab konsilte glosè a sou www.healthcare.gov/sbc-glossary oswa rele 1-(800) 517-8072 pou w kapab fè demann yon kopi.

Kesyon Enpòtan	Repons	Poukisa sa Enpòtan:
Ki montan global <u>dediktib la</u>?	Nan Rezo a: \$500 pou yon sèl moun /\$500 pou Manm Fanmi an/\$1,000 pou Fanmi. Andeyò Rezo a: \$1,000 pou yon sèl moun /\$1,000 pou Manm Fanmi an/\$2,000 pou Fanmi.	Jeneralman, ou dwe peye tout frè <u>founisè yo</u> rive jouk kantite <u>dediktib</u> avan <u>plan</u> sa a kòmanse peye. Si ou genyen lòt manm fanmi nan <u>plan an</u> , chak grenn manm fanmi an dwe ranpli pwòp <u>dediktib</u> endividyèl yo jiskaske kantite total depans <u>dediktib</u> manm fanmi yo peye yo rive kantite <u>dediktib global fanmi an</u> .
Èske gen sèvis ki kouvri avan ou rive <u>atenm dediktib ou a</u>?	Wi. <u>Swen prevantif</u> ak majorite nan sèvis ki kote yon kopèman ka <u>nesesè</u> .	<u>Plan</u> sa a kouvri kèk atik ak sèvis menm si ou poko peye montan <u>dediktib la</u> . Men <u>yon kopèman</u> oswa <u>yon ko-asirans</u> ka aplike. Pa egzanp, <u>plan</u> sila a kouvri kèk <u>swen prevantif</u> san <u>pataj frè</u> epi avan ou peye <u>dediktib</u> ou yo. Konsilte lis <u>swen prevantif</u> ki kouvri yo sou https://www.healthcare.gov/coverage/preventive-care-benefits/ .
Èske genyen lòt <u>dediktib</u> pou sèvis espesifik?	Non.	Ou pa bezwen peye <u>dediktib</u> pou sèvis espesifik.
Ki kantite <u>limit lajan ki soti nan pòch pou plan sa a</u>?	Nan Rezo a: \$6,350 pou yon sèl moun /\$6,350 pou Manm Fanmi an/\$12,700 pou Fanmi. Andeyò Rezo a: \$12,700 pou yon sèl moun/\$12,700 pou Manm Fanmi an/\$25,400 pou Fanmi.	<u>Limit lajan nan pòch la</u> se plis ou ka genyen pou w peye nan yon lane pou sèvis ki kouvri. Si ou genyen lòt manm fanmi nan <u>plan</u> sa a, y ap genyen pou yo peye pwòp <u>limit lajan ki soti nan pòch</u> yo jiskaske <u>limit total lajan ki soti nan pòch</u> fanmi an fin peye nèt.
Kisa ki pa nan <u>limit lajan ki soti nan pòch la</u>?	<u>Prim yo</u> , <u>frè faktirasyon pèman</u> , <u>swen sante plan</u> sa a pa kouvri penalite pou si w pa jwenn <u>pre- otorizasyon</u> pou sèvis yo.	Menm si ou peye depans sa yo, yo pa konte nan <u>limit lajan ki soti nan pòch la</u> .
Èske ou ap peye mwens si ou itilize yon <u>founisè ki nan rezo a</u>?	Wi. Konsilte www.bluecrossnc.com/FindADoctor oswa rele 1-(800) 517-8072 pou w jwenn yon lis <u>founisè ki nan rezo</u> .	<u>Plan</u> sa a itilize yon <u>founisè ki nan rezo</u> . W ap peye mwens si ou itilize yon <u>founisè ki nan rezo plan an</u> . W ap peye plis si ou itilize yon <u>founisè ki pa nan rezo</u> , epi ou ka resevwa yon bòdwo nan men yon <u>founisè</u> pou diferans ki genyen ant <u>montan founisè a reklame a</u> ak montan <u>plan</u> ou an peye a (<u>faktirasyon balans</u>). Konnen <u>founisè rezo ou a</u> ka itilize yon <u>CGS</u>

		<u>founisè rezo</u> pou kèk sèvis (tankou analiz labowatwa). Verifye avèk <u>founisè w la</u> avan ou benefisye sèvis yo.
Èske ou bezwen yon <u>referans</u> pou w konsilte yon <u>espesyalis</u> ?	Non.	Ou kapab konsilte <u>espesyalis</u> ou chwazi an san yon <u>referans</u> .



Tout depans **ko-pèman yo** ak **ko-asirans** ki afiche nan tablo sila a se aprè yo fin peye **dediktib** ou yo, si genyen yon **dediktib** ki aplike.

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou ka Bezwen	Kisa W ap Genyen Pou w Peye		Restriksyon, Sa ki Pa Ladan l yo, ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Founisè ki nan rezo a (W ap peye mwens)	Founisè Ki pa nan Rezo a (W ap peye plis)	
Si ou vizite yon kabine oswa yon klinik <u>founisè swen sante</u>	Vizit swen primè nan lide pou trete yon blesi oswa yon maladi	\$15 <u>kopèman</u>	40% <u>ko-asirans</u>	Okenn
	Vizit <u>yon espesyalis</u>	\$40 <u>kopèman</u>	40% <u>ko-asirans</u>	Okenn
	<u>Swen prevantif/radyografi/vaksinas yon</u>	San Frè	40% <u>ko-asirans</u>	-Ou ka genyen pou w peye pou sèvis ki pa <u>prevantif</u> . Mande <u>founisè swen sante</u> ou an si sèvis ou bezwen yo se sèvis <u>prevantif yo ye</u> . Après verifye kisa <u>plan</u> ou an ap peye pou.-Ka genyen limit ki aplike
Si ou genyen yon tès	<u>Tès dyagnostik</u> (radyografi, analiz san)	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	Okenn
	Imajri (eskanè CT/PET, IRM)	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-Otorizasyon davans ka nesèsè sinon yo p ap kouvri sèvis yo
Si ou pa bezwen medikaman pou w trete maladi w la oswa kondisyon w lan	Medikaman Nivo 1	\$10 <u>kopèman</u>	\$10 <u>kopèman</u>	Yon otorizasyon davans ka nesèsè sinon sèvis yo p ap kouvri - Yon <u>kopèman</u> aplike pou yon peryòd 30 jou
	Medikaman nivo 2	\$10 <u>kopèman</u>	\$10 <u>kopèman</u>	
	Medikaman nivo 3	\$30 <u>kopèman</u>	\$30 <u>kopèman</u>	

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou ka Bezwen	Kisa W ap Genyen Pou w Peye		Restriksyon, Sa ki Pa Ladan l yo, ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Founisè ki nan rezo a (W ap peye mwens)	Founisè Ki pa nan Rezo a (W ap peye plis)	
Plis enfòmasyon sou <u>kouvèti medikaman sou preskripsyon</u> disponib sou www.bluecrossnc.com/rxinfo	Medikaman nivo 4	25% <u>ko-asirans</u>	25% <u>ko-asirans</u>	apwovizyonman *Gade <u>seksyon Medikaman sou Preskripsyon</u> .
	Medikaman nivo 5	25% <u>ko-asirans</u>	25% <u>ko-asirans</u>	
Si ou genyen operasyon anbilatwa	Frè etablisman (pa egzanp., sant operasyon anbilatwa)	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	Okenn
	Frè doktè/chirijyen	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	Okenn
Si ou bezwen atansyon medikal ki ijan	<u>Swen nan sal ijans</u>	\$250/Okenn Admisyon IP; \$250/Avèk Admisyon IP	\$250/Okenn Admisyon IP; \$250/Avèk Admisyon IP	Okenn
	<u>Transpò pou ijans medikal</u>	20% <u>ko-asirans</u>	20% <u>ko-asirans</u>	Okenn
	<u>Swen ijans</u>	\$30 <u>kopèman</u>	\$30 <u>kopèman</u>	Okenn
Sizoka ou ospitalize	Frè etablisman (egzanp., Chanm lopital)	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-Otorizasyon davans ka nesèsè sinon yo p ap kouvri sèvis yo
	Frè doktè/chirijyen	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	Okenn
Si ou bezwen sèvis sante mantal, sante konpòtmantal oswa kont toksikomani	Sèvis anbilatwa	\$15/vizit nan biwo; 20% <u>ko-asirans</u> /sèvis pou pasyan ki pa etène	40% <u>ko-asirans</u>	-Otorizasyon davans ka nesèsè sinon yo p ap kouvri sèvis yo
	Sèvis ospitalizasyon	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-Otorizasyon davans ka nesèsè sinon yo p ap kouvri sèvis yo
	Vizit nan biwo	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-*Konsilte seksyon planin famiyal la.

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou ka Bezwen	Kisa W ap Genyen Pou w Peye		Restriksyon, Sa ki Pa Ladan l yo, ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Founisè ki nan rezo a (W ap peye mwens)	Founisè Ki pa nan Rezo a (W ap peye plis)	
Si ou ansent	Sèvis Pwofesyonèl pou Akouchman	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	Okenn
	Sèvis matènite ak akouchman	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-Otorizasyon davans ka nesesè sinon yo p ap kouvri sèvis yo
Si ou bezwen èd pou w rekipere oswa si ou genyen lòt bezwen patikilye nan sa ki genyen pou wè avèk lasante	<u>Swen sante adomisil</u>	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-Otorizasyon davans ka nesesè sinon yo p ap kouvri sèvis yo
	<u>Sèvis reyabilitasyon</u>	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-*Konsilte seksyon sou terapi yo -60 vizit konbine pou sèvis fizik ak pwofesyonèl- 30 vizit pou sèvis kiwoprakti limit yo pa aplike ak dyagnostik pou maladi mantal.
	<u>Sèvis abilitasyon</u>	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	- <u>Sèvis abilitasyon yo</u> konbine ansanm avèk <u>limit Sèvis reyabilitasyon</u> ki afiche anba yo.
	<u>Swen enfimye ki kalifye</u>	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-Kouvèti an limite rive a 30 jou. - Otorizasyon davans ka nesesè sinon sèvis yo pa p kouvri
	<u>Ekipman medikal ki dirab</u>	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-Otorizasyon davans ka nesesè sinon sèvis yo pa p kouvri -Limit ka aplike
	<u>Sèvis swen palyatif</u>	20% <u>ko-asirans</u>	40% <u>ko-asirans</u>	-Otorizasyon davans ka nesesè sinon sèvis yo pa p kouvri

Evènman Medikal Komen	Sèvis Ou ka Bezwen	Kisa W ap Genyen Pou w Peye		Restriksyon, Sa ki Pa Ladan l yo, ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan
		Founisè ki nan rezo a (W ap peye mwens)	Founisè Ki pa nan Rezo a (W ap peye plis)	
Si pitit ou a bezwen swen dantè ak swen je	Egzamen je pou timoun	San Frè	Pa Kouvri	-Gen restriksyon ki ka aplikab
	Linèt vè pou timoun	Pa Kouvri	Pa Kouvri	Sèvis ki Pa Ladan l
	Konsiltasyon dan pou timoun	Pa Kouvri	Pa Kouvri	Sèvis ki Pa Ladan l

Sèvis ki Pa Ladan l ak Lòt Sèvis ki Kouvri:

Sèvis An Jeneral Plan w lan PA Kouvri (Verifye dokiman plan oswa politik la pou plis enfòmasyon ak yon lis nenpòt lòt sèvis ki te eskli yo.)

- Akiponkti
- Chiriji estetik
- Swen dantè
- Swen alontèm
- Pwogram pou Pèdi

Lòt Sèvis ki Kouvri yo (Gen restriksyon ki ka aplikab pou sèvis sa yo. Sa se pa yon lis konplè. Tanpri, konsilte dokiman plan ou an.)

- Chiriji baryatrik
- Swen kiwopraktik
- Aparèy oditif
- Tretman enfètilite
- Swen ki pa ijan pandan yon vwayaj andeyò Etazini.
- Swen enfimye prive
- Swen woutin pou je (Adilt)
- Swen woutin pou pye ki pa palyatif oswa estetik.

Dwa ou genyen pou w Kontinye ak Kouvèti a: Genyen kèk ajans ki ka ede w si ou vle kontinye ak kouvèti ou a aprè li fini. Enfòmasyon kontak pou ajans sa yo se: Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye ki nan Depatman Travay (Department of Labor's Employee Benefits Security Administration) nan 1-866-444-EBSA (3272) oswa www.dol.gov/ebsa/healthreform. Gen lòt opsyon kouvèti ki ka disponib pou ou tou, tankou achte kouvèti asirans endividyèl nan Health Insurance Marketplace. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Marketplace, vizite www.HealthCare.gov oswa rele 1-800-318-2596.

Dwa ou yo Konsènan Dolemans ak Apèl: Gen ajans ki ka ede w si ou gen yon plent kont plan ou an paske yo te refize yon reklamasyon. Yo rele plent sa a yon dolemans oswa yon apèl. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou yo, konsilte espikasyon sou avantaj w ap resevwa yo pou reklamasyon medikal sa. Dokiman plan ou yo bay enfòmasyon ki konplè sou kòman pou w soumèt yon reklamasyon, yon apèl oswa yon dolemans pou nenpòt rezon ki konsène plan ou an. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou

dwa ou yo, sou avi sa oswa sou asistans, kontakte: Blue Cross NC nan 1-(800) 517-8072 oswa www.BlueConnectNC.com. Ou ka resevwa asistans tou nan men Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwaye ki nan Depatman Travay (Department of Labor's Employee Benefits Security Administration) nan 1-866-444-EBSA (3272) oswa www.dol.gov/ebsa/healthreform, si sa aplikab.

Èske plan sa bay Kouvèti Esansyèl ki Minimòm? Wi

Jeneralman, Kouvèti Esansyèl ki Minimòm gen ladan yo plan yo, asirans sante ki disponib sou Marketplace oswa sou lòt politik mache endividyèl, Medicare, Medicaid, CHIP, TRICARE ak kèk lòt kouvèti. Si ou elijib pou kèk tip Kouvèti Esansyèl ki Minimòm, ou ka pa elijib pou kredi taks sou prim.

Èske plan sa reponn ak Nòm Valè Minimòm yo? Wi

Si plan w lan pa reponn ak Nòm Valè Minimòm yo, ou ka elijib pou yon kredi taks sou prim pou ede w peye pou yon plan sou Marketplace.

Sèvis Aksè Lengwistik:

Panyòl (Español): Para obtener asistencia en español, llame al 1-(800) 517-8072.

Tagalog (Tagalog): Kung kailangan ninyo ang tulong sa Tagalog tumawag sa 1-(800) 517-8072. Chinwa

(中文): 如果需要中文的帮助, 请拨打这个号码 1-(800) 517-8072.

Navajo (Dine): Dinekehgo shika at'ohwol ninisingo, kwijigo holne' 1-(800) 517-8072.

Pou w gade egzantp sou kòman plan sa ka kouvri depans pou yon egzantp sitiyasyon medikal , konsilte pwochen seksyon an

Konsènan Egzanp Kouvèti sa yo:



Sa se pa yon zouti estimasyon pri. Tretman yo montre yo se jis kèk egzanp sou kòman plan sa ka kouvri swen medikal yo. Pri reyèl yo ap diferan selon swen w ap resevwa yo, pri founisè ou yo ak anpil lòt faktè ankò. Konsantre sou montan depans pataje yo (dediktib, kopèman ak ko-asirans) ak sèvis ki pa ladan l yo dapre plan an. Itilize enfòmasyon sa pou w konpare pati pri ou ka peye dapre diferan plan sante yo. Tanpri, remake egzanp kouvèti sa yo baze sou yon kouvèti endividyèl.

Peg ap akouche (9 mwa swen prenatal nan rezo a epi akouchman nan lopital)	Jere Dyabèt Tip 2 Joe a (yon lane swen regilye nan rezo a pou byen kontwole maladi a)	Frakti Senp Mia (vizit nan sal ijans ak swen suivi nan rezo a)
---	---	--

■ <u>Plan dediktib global la</u>	\$500	■ <u>Plan dediktib global la</u>	\$500	■ <u>Plan dediktib global la</u>	\$500
■ <u>Kopèman pou espesyalis</u>	\$40	■ <u>Kopèman pou espesyalis</u>	\$40	■ <u>Kopèman pou espesyalis</u>	\$40
■ <u>Lopital (etablisman) ko-asirans</u>	20%	■ <u>Lopital (etablisman) ko-asirans</u>	20%	■ <u>Lopital (etablisman) ko-asirans</u>	20%
■ <u>Lòt ko-asirans</u>	20%	■ <u>Lòt ko-asirans</u>	20%	■ <u>Lòt ko-asirans</u>	20%

EGZANP evènman sa gen ladan l sèvis tankou:

Vizit lakay yon espesyalis (swen prenatal)
ak Akouchman/Nesans
Sèvis ki lye ak Akouchman/Nesans
Tès dyagnostik (ekografi ak analiz san)
Konsiltasyon lakay yon espesyalis (anestezi)

EGZANP evènman sa gen ladan l sèvis tankou:

Konsiltasyon lakay yon doktè jeneralis (ki gen ladan edikasyon sou maladi)
Tès dyagnostik (analiz san)
Medikaman sou preskripsyon
Ekipman medikal dirab (lektè glisemi)

EGZANP evènman sa gen ladan l sèvis tankou:

Swen nan ijans yo (ki gen ladan Sèvis medikal ki lye founiti)
Tès dyagnostik (radyografi)
Ekipman medikal dirab (beki)
Sèvis reyedikasyon (kineziterapi)

Pri Total Egzanp Frè	\$12,700	Pri Total Egzanp Frè	\$5,600	Pri Total Egzanp Frè	\$2,800
-----------------------------	-----------------	-----------------------------	----------------	-----------------------------	----------------

Nan egzanp sa, Peg ta sipoze peye:

<i>Depans Pataje</i>	
Dediktib	\$500
Kopèman	\$10
Ko-asirans	\$2,180
<i>Kisa ki pa kouvri</i>	
Restriksyon oswa sa ki pa ladan l yo	\$60
Montan total Peg ta sipoze peye se	\$2,750

Nan egzanp sa, Joe ta sipoze peye:

<i>Depans Pataje</i>	
Dediktib	\$500
Kopèman	\$350
Ko-asirans	\$160
<i>Kisa ki pa kouvri</i>	
Restriksyon oswa sa ki pa ladan l yo	\$20
Montan total Joe ta sipoze peye se	\$1,030

Nan egzanp sa, Mia ta sipoze peye:

<i>Depans Pataje</i>	
Dediktib	\$500
Kopèman	\$250
Ko-asirans	\$270
<i>Kisa ki pa kouvri</i>	
Restriksyon oswa sa ki pa ladan l yo	\$0
Montan total Mia ta sipoze peye se	\$1,020

Plan an ta dwe responsab lòt kou ki lye ak sèvis ki kouvri sa yo EGZANP.



Blue Cross and Blue Shield of North Carolina (Blue Cross NC) provides free aids to service people with disabilities as well as free language services for people whose primary language is not English. Please contact the Customer Service number on the back of your ID card for assistance.

Blue Cross and Blue Shield of North Carolina (Blue Cross NC) proporciona asistencia gratuita a las personas con discapacidades, así como servicios lingüísticos gratuitos para las personas cuyo idioma principal no es el inglés. Comuníquese con el número para servicio al cliente que aparece en el reverso de su tarjeta del seguro para obtener ayuda.

BLUE CROSS[®], BLUE SHIELD[®], the Cross and Shield symbols and service marks are marks of the Blue Cross and Blue Shield Association, an association of independent Blue Cross and Blue Shield Plans. Blue Cross NC is an independent licensee of the Blue Cross and Blue Shield Association.

U38397, 5/21